# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# यीशु की खातिर एगो ख़ौफ़नाक समय


लेखकः Edward Hughes

ब्याख्याकरः Byron Unger; Lazarus

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलितः M. Maillot; Sarah S.


कहानी 38 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children,*** *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri







यीशु चालीस दिन तक उपवास कइलन।
एकर मतलब कि उ केवनो तरह क खाना
ना खइलन। अब उ बहुत भुखाईल रहलन।
3


बाइबल बतावे ले कि उँहा जंगली
जानवर भी रहलन सअ।
4


शैतान यीशु क परीक्षा खातिर आईल।
आदि में उ आदम अउर हव्वा के अदन
की वाटिका में परमेश्वर क आज्ञा ना
माने खातिर उकसवले रहे। अब यीशु
क परीक्षा होखे
वाला रहे।
5


शैतान परमेश्वर क
बेटा, यीशु मसीह क
भी परीक्षा लेबे क
कोशिश कइलस।
6


शैतान कहलस यदि, "तू परमेश्वर क
पुत्र हउवअ त, तू इ चट्टान के रोटी बन
जाये खातिर क हअ।"
7


ओ के मालूम रहे कि यीशु मसीह के
भूख लागल बा। ओ के इहो मालूम रहे
कि परमेश्वर क बेटा पत्थर के रोटी में
बदल सकतने। का यीशु के शैतान क
आज्ञा माने के परी?
8


नाहीं! यीशु शैतान क आज्ञा पालन कबो ना करीहें।
पवितर बाइबल
9


एकरी बजाय, उ परमेश्वर की वचन से उत्तर दिहलन; कि लिखल बा की मनुष्य केवल रोटी ही से ना, परन्तु हर एक वचन से जेवन परमेश्वर की मुख से निकले ला, जीवित रही।
पवितर बाइबल
10


फिर शैतान यीशु के जहाँ लोग परमेश्वर क पूजा करें, ओ पवित्र मंदिर, यरूशलेम की महान शहर में ले गइल। शैतान आगे का करे वाला रहे?
11


शैतान कहलस, "यदि तू परमेश्वर क पुत्र हउवअ, त अपनी आप के ए चोटी से नीचे गिरा दअ। काँहे से कि उनकरी वचन की अनुसार उनकर स्वर्गदूत तोहके बचा लीहें।"
12


"नाहीं!" यीशु उत्तर दिहलें। "इहो भी लिखल बा … कि तू प्रभु अपनी परमेश्वर क परीक्षा कबो मत करि हअ।"
पवितर बाइबल
13


शैतान फिर से कोशिश कइलस। उ शहर की बाहर यीशु के एगो बहुत ही उच पर्वत की चोटी पर ले गइल।
14













यीशु की खातिर एगो ख़ौफ़नाक समय

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मत्ती ४, लूका ४

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !